

# Kisa k ap rive nan Lekòl leta Vil Nouyòk

اعرض هذه الوثيقة باللغة العربية | এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন

查看本文件的中文版 | Consultez ce document en français | Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen

이 문서를 한국어로 보기 | Consultez este documento en español

Перевод документа на русский язык | یہ دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں

[schools.nyc.gov/messagesforfamilies](https://schools.nyc.gov/messagesforfamilies)

## Semèn 23 oktòb 2023

Mizajou pou fanmi sa a gen enfòmasyon enpòtan sou kalandriye ane akademik 2023-24 la, delè admisyon ak enskripsyon, konferans pwofesè ak paran, epi fason pou jwenn dènye nouvèl nan lekòl leta Vil Nouyòk.

### Kontni:

- [Kalandriye ane lekòl 2023-24](#)
- [Admisyon pou otòn 2024](#)
- [Konferans Pwofesè-Paran](#)
- [Rete konekte](#)

## Kalandriye ane lekòl 2023-24

Byenveni nan nouvèl ane lekòl la. Ou ka wè ak telechaje dosye kalandriye ou ka enprime pou tout ane lekòl 2023-24 la nan plizyè lang epi wè dat enpòtan k ap vini yo tankou konferans paran-pwofesè ak jou lekòl yo ka fèmen nan [schools.nyc.gov/calendar](https://schools.nyc.gov/calendar). Tanpri sonje:

- Nan jou lè bilding lekòl yo fèmen akòz move tan oswa lòt sitiyasyon ijans, tout elèv ak fanmi ta dwe planifye pou patisipe nan aprantisaj adistans.
- Dapre lwa eta Nouyòk, pa gen konje jou lasemèn pou jou fèt piblik (yo rele tou fèt legal oswa federal) ki tonbe jou samdi; lè jou fèt sa yo tonbe yon dimanch, y ap fete yo nan lendi apre a. Dapre règleman nan lekòl leta Vil Nouyòk, lè fèt ki pa fèt piblik tonbe yon wikenn, lekòl yo ap fonksyone jou semèn ki avan an oswa apre fèt sa a.

Ane sa a, lekòl yo ap rete ouvri nan jou lasemèn imedyatman avan oswa apre jou fèt ki pi pa fèt leta yo, ki tonbe nan wikenn pandan ane lekòl 2023-24 la: Rosh Hashanah (16–17 septanm), Fèt Veteran (11 novanm), Diwali (12 novanm), ak Lunar New Year (10 fevriye).

Tanpri kontakte lekòl ou a si w gen nenpòt kesyon konsènan kalandriye lekòl la. Pou ede avèk planifikasyon pou lavni, kalandriye pou ane lekòl 2024-25 ak 2025-26 disponib tou sou sitwèb nou an.

## Admisyon pou otòn 2024

Bon nouvèl: dat ouvèti ak dat limit pou pwogram 3-K, Pre-K, Kindergarten, pwogram pou elèv douwe epi ki gen talan (Gifted and Talented, G&T), lekòl presegondè, lekòl segondè ak lekòl segondè (tankou lekòl segondè espesyalize) pou admisyon otòn 2024 yo deja anonse! Men kèk resous pou ede w atravè pwosesis aplikasyon pitit ou a.

- Pou jwenn plis enfòmasyon sou dat admisyon kle ak lòt bagay ankò nan [schools.nyc.gov/enrollment](https://schools.nyc.gov/enrollment). Chak paj pwosesis admisyon gen ladan **Gid admisyon 2024 Lekòl Leta Vil Nouyòk** ak yon seri videyo k ap montre w plizyè etap pwosesis aplikasyon . Gid la disponib nan 10 lang nan lekòl, pwogram pou debitan, bibliyotèk, ak lòt lokal, epi li ka telechaje tou sou sit entènèt nou an.
- Li **Gid NYC pou Egzamen Admisyon nan lekòl espesyalize SHSAT pou ane 2024**, k ap bay yon rezime sou jan pou prepare pou Egzamen admisyon nan lekòl segondè espesyalize (SHSAT) ak gen ladan egzamen pratik. Gid la disponib nan 10 lang epi w ka gade l nan [schools.nyc.gov/SHS](https://schools.nyc.gov/SHS) anba "Dokiman."
- Eksplòre lekòl ak pwogram yo nan [MySchools.nyc](https://myschools.nyc.gov), epi ale nan jounen pòt ouvèt (open houses) ak sesyon enfòmasyon pou vin abitye avèk opsyon pitit ou a. Ou ka jwenn aktivite vityèl ak anpèsòn ki site nan kalandriye aktivite nan [MySchools.nyc/calendar](https://myschools.nyc.gov/calendar).
- Enskri pou resewa dènnye mizajou ak rapèl yo nan voye yon imèl bay [schools.nyc.gov/SignUp](https://schools.nyc.gov/SignUp).

### Dat admisyon an 2023:

- **Madi 3 oktòb 2023:** Aplikasyon nan Lekòl Segondè ak Enskripsyon pou SHSAT a ouvri
- **Mèkredi 11 oktòb 2023:** Aplikasyon lekòl presegondè ouvè
- **Vandredi 27 oktòb 2023:** Enskripsyon pou SHSAT a fèmen
- **Vandredi 10 novanm 2023:** Delè pou enskri pou pran egzamen pou Mark Twain I.S. 239 (21K239) ak egzamen talan distri 21 pou lekòl presegondè
- **Vandredi 1ye desanm 2023:** Aplikasyon nan lekòl segondè fèmen
- **Vandredi 8 desanm 2023:** Aplikasyon nan lekòl presegondè fèmen

## Konferans pwofesè-paran

**Konferans paran-pwofesè (PTC)** se yon gwo opòtinite pou pale dirèkteman ak pwofesè yo sou devlopman akademik ak sosyo-emosyonèl pitit ou a ak sou fason ou ka sipòte pwogrè andeyò salklas la. Yo pral fè PTC adistans pandan ane lekòl 2023-24 la, menmsi yo ka fèt anpèsòn si yo mande sa a. Gen sèvis tradiksyon ak entèpretasyon disponib—tanpri kite lekòl pitit ou ye a konnen si w gen sèvis.

## PTCs k ap vini yo:

- **Jedi 2 novanm:** Konferans nan apremidi ak aswè pou lekòl primè:
- **Jedi 9 novanm:** Konferans nan aprèmidi ak nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D-75
- **Jedi 16 novanm:** Konferans pwofesè-paran aswè yo pou elèv lekòl segondè, K-12, ak lekòl 6yèm-12yèm ane.
- **Vandredi 17 novanm:** Konferans paran-pwofesè (PTC) nan aprèmidi pou lekòl segondè, lekòl K-12, ak 6yèm-12yèm ane

Pou prepare pou PTC ou a, poze pitit ou a kèk kesyon sou eksperyans li nan lekòl la pou w ka fè yon pi bon chita pale avèk pwofesè yo. Men kèk sijeson:

- Kòman w santi w konsènan lekòl la kounye a? Èske w gen kèk kesyon oswa enkyetid ou ta renmen pale avèk pwofesè w yo?
- Ki matyè w pi renmen lekòl kounye a? Ki matyè w pi pa renmen ?
- Kisa w panse de pwofesè ou a? Èske w santi yo sipòte ak byen akeyi w nan salklas ou a?

Pou plis konsèy PTC, tanpri ale sou [schools.nyc.gov/ptc](https://schools.nyc.gov/ptc).

## Rete konekte

Nou gen yon ane eksitan devan nou, epi ou p ap vle rate okenn enfòmasyon sou sa k ap pase nan Lekòl lekòl leta Vil Nouyòk. Pou asire nou ke nou ka kontakte ou, asire w ke ou mete ajou enfòmasyon kontak ou nan Kont Lekòl NYC ou (NYCSA) sou entènèt nan [schoolsaccount.nyc](https://schoolsaccount.nyc), oswa ranpli fòm kontak pou ijans lekòl ou a bay. Aprann kijan pou w enskri nan NYCSA nan [schools.nyc.gov/nycsa](https://schools.nyc.gov/nycsa).

Ane sa a, fanmi yo ak elèv yo ka jwenn enfòmasyon yo bezwen pi fasil pase tout tan, gras ak nouvo aplikasyon NYCSA ak TeachHub mobil nou yo!

**Aplikasyon mobil NYCSA:** Paran/responsab ki gen yon [kont NYCSA](https://schoolsaccount.nyc) aktif ka jwenn aksè nan nòt, devwa ak prezans pitit yo lè yo itilize aplikasyon mobil NYCSA, ki ka telechaje sou aparèy iOS ak Android. Pou plis enfòmasyon, ale sou [schools.nyc.gov/nycsamobile](https://schools.nyc.gov/nycsamobile).

**Aplikasyon mobil TeachHub:** Kounye a, elèv yo ka itilize aplikasyon mobil TeachHub pou aparèy iOS ak Android pou fasilman swiv nòt, devwa, orè ak enfòmasyon sou prezans yo. Aprann plis enfòmasyon sou aplikasyon an nan [schools.nyc.gov/teachhubmobile](https://schools.nyc.gov/teachhubmobile). Elèv yo dwe enskri nan aplikasyon an ak non itilizatè NYCStudents.net ak modpas yo—pou aprann plis sou kont elèv yo, ale sou [schools.nyc.gov/studentaccounts](https://schools.nyc.gov/studentaccounts).

Pou rete okouran sou tout enfòmasyon ajou sou nouvel lekòl leta Vil Nouyòk , pa bliye make (bookmark) [schools.nyc.gov](https://schools.nyc.gov), epi suiv nou nan [@nycschools](https://twitter.com/nycschools) ak [@doechancellor](https://twitter.com/doechancellor) sou Twitter/X. Ou ka jwenn nou tou sou [Facebook](https://www.facebook.com/nycschools) ak [Instagram](https://www.instagram.com/nycschools) nan kont ofisyèl nou [@nycschools](https://www.instagram.com/nycschools).